



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE OUVÈTI LEKÒL SEGONDÈ STEAM NAN SYRACUSE

Premye Lekòl Segondè teknik rejyonal nan Nouyòk Santral la rive posib gras ak gwo finansman Eta a

Kolaborasyon eta a avèk biznis yo ak dirijan sendika yo pou prepare elèv yo ak reyon an pou endistri fabrikasyon teknoloji k ap grandi an previzyon ak investisman 100 milya dola Micron an

Nan previzyon pou akeyi premye pwomosyon elèv li yo, Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a gran ouvèti Lekòl Segondè Syans, Teknoloji, Atizay ak Matematk (Syracuse Science, Technology, Arts and Math High School, STEAM) nan Syracuse — premye lekòl segondè teknik rejyonal nan Nouyòk Santral, ki te vin posib grasa yon angajman 71 milyon dola Eta a. Eta Nouyòk ak Micron te investi tou 4 milyon dola nan [Kad Teknoloji Avanse Nouyòk \(New York Advanced Technology Framework\)](#) pou ede distri lekòl yo nan Nouyòk bati pwòp pwogram etid pa yo nan fabrikasyon semi-kondiktè ak teknoloji avanse. Selebrasyon jodi a mete aksan sou kolaborasyon kontinyèl ant Eta Nouyòk, biznis yo, ak dirijan sendika yo pou asire Nouyòk Santral prepare pou akeyi endistri fabrikasyon teknoloji k ap grandi nan reyon an.

"Lekòl STEAM lan se yon modèl pou distri lekòl atravè peyi a sou fason pou asire endistri yo gen travayè ki pare pou travay ki byen peye alavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Non sèlman n ap kreye opòtinite pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo rete nan Nouyòk epi konble djòb lavni yo, n ap bati tou yon sant fabrikasyon pis elektwonik mondyal isit la menm nan Empire State."

Lekòl Segondè STEAM nan Syracuse se premye lekòl segondè teknik rejyonal nan Nouyòk Santral ki sitiye nan bilding lekòl Central Tech ki fèk renove a nan Anba Lavil Syracuse. Lekòl la pwopoze yon pwogram etid solid ki konsantre sou STEAM, asosye ak yon seri patenarya avèk endistri ak ansèyman siperyè ki ofri opòtinite estaj, akonpayman, obsèvasyon nan djòb, ak kou nan nivo inivèsite. Lekòl segondè pral ede prepare etidyan ki nan Nouyòk Santral pou travay nan endistri fabrikasyon teknoloji avanse k ap grandi nan reyon an.

Eta a angaje plis pase 71 milyon dola nan pwojè sa a, ansanm ak 10 milyon dola Micron te angaje an favè lekòl la ak lòt pwogram STEM pou elèv kindègadenn rive nan 12yèm ane nan [Kad Envestisman Kominotè](#) konpayi a ak Empire State Development (ESD), ak 1.75 milyon dola Amazon angaje.

Kòm yon pati nan efò Gouvènè a ap fè pou konstwi yon sistèm edikasyon klas mondyal epi asire etidyan yo pare pou ranpli travay alavni yo, Gouvènè Hochul te anonse tou yon investisman 4 milyon dola nan Eta Nouyòk ak Micron pou kreye yon rezèv talan nan teknoloji epi mete elèv yo sou wout pou jwenn travay ak karyè teknoloji avanse yo. Edikatè ak ekspè nan endistri yo te kreye [Kad Teknoloji Avanse Nouyòk](#) pou ede lekòl premye sik segondè ak lekòl segondè yo elabore pwòp pwogram pa yo nan fabrikasyon semi-kondiktè ak teknoloji avanse. Pwogram pilòt sa a pèmèt distri lekòl yo ofri yon aprantisaj modèn ki baze sou karyè ak kourikoulòm yo devlope ak kolaborasyon lòt edikatè Nouyòk yo.

Envesti nan Nouyòk Santral

Anons jodi a bati sou investisman enpòtan nan fabrikasyon avanse nan Nouyòk Santral. Mwa oktòb te make [premye anivèsè](#) investisman [istorik Micron](#) ki rive jiska 100 milya dola pandan plis pase 20 ane k ap vini yo pou bati yon kanpis megafabrikasyon nan Nouyòk Santral, epi kreye prèske 50,000 djòb nan Nouyòk. Depi anons la, Gouvènè Hochul te travay sere ak patnè lokal, eta ak federal yo pou prepare yo pou arive Micron epi fè investisman kontinyèl nan kominote a.

- An oktòb 2023, Gouvènè Hochul [te devwale plan](#) pou Laboratwa Similasyon Salblanch Micron an ki koute 15 milyon dola, epi ki mezire prèske 465 mètr kare (5,000 pye kare) nan Onondaga Community College, ki pral pèmèt yo fòme etidyan ki nan Nouyòk Santral yo pou djòb Micron yo.
- Gouvènè Hochul te [kontinye travay avèk Micron](#) pou bay aksè ak gadri pou timoun ki fyab ak abòdab pou anplwaye Micron yo, ki gen ladan opsyon gadri sou plas alavni nan kanpis Micron Clay la.
- Micron te fè investisman enpòtan ki pral benefisye fanmi Nouyòk Santral yo, ki gen ladan 500,000 dola pou YMCA nan Nouyòk Santral pou ede elaji aksè ak gadri wo kalite ak aprantisaj bonè pou kominote ki pa jwenn ase sèvis yo nan rejyon an.
- Micron te anonse tou finansman pou pwogram pakou karyè pou timoun piti (Early Childhood Career Pathways), ke Childcare Solutions ak PEACE Inc. administre pou elaji sant gadri familyal yo.
- Gouvènè Hochul te etabli [Komite Angajman Kominotè Micron an](#) pou gide estrateji investisman pou Fon Envestisman Kominotè 500 milyon dola a. Komite a rankontre plizyè santèn rezidan epi li kontinye koute epi aprann sou fason prezans Micron ka ede rejyon an.

Sipòte Fabrikasyon Teknoloji Avanse

Gouvènè Hochul kontinye envesti nan devlopman mendèv ak pwogram edikasyon pou prepare Nouyòkè yo pou djòb nan fabrikasyon teknoloji avanse epi etabli eta a kòm yon sant semi-kondiktè.

- Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2025 la te etabli pwogram Yon Rezo pou Patenarya nan Fabrikasyon Avanse Rejyonal (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) ki vo 200 milyon dola a — yon rezo kat nouvo sant devlopman mendèv pou prepare Nouyòk yo pou djòb alavni, tankou yon etablisman prensipal nan zòn Sid Syracuse CenterState CEO sipèvize. Sant ON-RAMP yo ap pwopoze sètifikasyon ak fòmasyon ki gen rapò ak fabrikasyon avanse, epi pèmèt yo elaji opòtinite pou popilasyon ki defavorize yo.
- Nan kad Bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te jwenn yon investisman 45 milyon dola pou kreye [Biwo pou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè a \(Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO SEMI\)](#), yon nouvo biwo eta pou dirije ak santralize efò pou aplike pwojè Micron epi elabore ak fè pwogrese politik pou atire endistri semikondiktè a ak chèn apwovizyonman.
- Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon investisman 44 milyon dola Eta a pou sipòte mizajou nan SUNY Poly, ki enkli kreyasyon yon laboratwa tretman semi-kondiktè pou devlopman mendèv ak etabli yon laboratwa rechèch ak ansèyman an wobotik ak fabrikasyon avanse.
- Gouvènè Hochul te [angaje](#) 350 milyon dola pou prepare mendèv Nouyòk la pou djòb alavni, ki gen ladan 150 milyon dola Biwo Devlopman Mendèv Estratejik nan (Office of Strategic Workforce Development, ESD), ki travay pou pi byen aliyen efò devlopman mendèv ak bezwen ak priyorite anplwayè yo jodi a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwojè sa a demontre angajman Nouyòk pou kreye chemen ant salklas la ak karyè jèn nou yo. Nan DASNY, nou finanse epi bati etablisman edikatif atravè eta a, epi nou konnen lè n investi nan anviwònman aprantisaj klas mondyal, n ap investi nan chanjman jenerasyonèl. Lekòl STEAM nan Syracuse la pral sèvi kòm yon modèl pou montre kijan patenarya ant piblik ak prive yo ka prepare elèv yo pou djòb teknoloji avanse demen yo, pandan y ap revitalize katye yo an antye. Vizyon Gouvènè Hochul pou konekte edikasyon ak opòtinite ekonomik, se egzakteman sa Nouyòk bezwen pou l rete konpetitif epi asire elèv nou yo gen yon avni briyan isit lakay yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Lekòl Rejyonal STEAM nan Syracuse la pral yon opòtinite transfòmasyon pou elèv nan tout rejyon an, k ap ofri yon chemen dirèk pou yon karyè apre diplòm. Mwen fyè dèske mwen te mennen efò nan Albany pou jwenn finansman pou lekòl inik sa a nan Nouyòk Santral. Mèsi a Gouvènè Hochul, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins ak kòlèg mwen yo nan Majorite Sena a paske yo te kwè nan pwojè sa a epi pou devouman yo an favè yon edikasyon de kalite."

Senatè Eta a, Christopher Ryan te deklare, "Ouvèti premye Lekòl rejyonal STEAM nan Nouyòk Santral make yon gwo investisman nan timoun nou yo ak nan avni kominote nou an. Depi lè mwen te yon Lejislatè nan Konte Onondaga rive kounye a kòm Senatè Eta a, mwen fyè dèske mwen te sipòte pwojè sa a paske li etabli yon lyen dirèk ant edikasyon ak opòtinite yo. Lè nou bay elèv yo konpetans ak eksperyans yo bezwen nan domèn syans, teknoloji, jeni, atizay ak matematik, n ap prepare pwochen

jenerasyon an pou djòb ki pral fè rejyon nou an pwogrese. Lekòl sa a se prèk sa nou ka akonpli lè nou envesti nan edikasyon, inovasyon ak ekite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, lidè vil ak konte yo, kòlèg fonksyonè eta yo, Konsèy Edikasyon Distri Lekòl Vil Syracuse la, ak anpil patnè kominotè paske yo te pèmèt pwojè sa konkretize."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Eta Nouyòk pa ka vin yon sant fabrikasyon avanse san yon mendèv ki trè kalifye pou fè endistri a pwogrese. Se poutèt sa, ouvèti premye lekòl segondè teknik nan rejyon nou an jodi a se yon gwo etap: pa sèlman pou pwomès Micron an, men pou tout opòtinite devlopman ekonomik Micron ap pote alavni nan Nouyòk Santral. Mwen fyè dèske finansman sa a ki soti nan Eta Nouyòk pral pèmèt yo prepare elèv yo pou yo rejwenn yon endistri teknoloji avanse k ap grandi yon fason rapid, epi atenn objektif pwofesyonèl yo."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Jodi a make yon jou enteresan paske ansyen batiman central tech la vin tounen nouvo lekòl fòmasyon pwofesyonèl nan konte a, epi dènye zouti nan bwat zouti devlopman mendèv nou an! Administrasyon mwen an, an patenarya ak Lejislati Konte a ak Vil Syracuse, te fyè paske n te mennen efò yo pou rann jounen sa posib — pandan konpayi tankou TTM, Saab, JMA Wireless kontinye grandi ak devlope ansanm ak pi gwo investisman nan listwa peyi nou an Micron reyalize, lekòl pwofesyonèl sa a pral yon sous mendèv esansyèl. Mwen vle remèsye tout patnè sektè prive yo ki te envesti nan pwojè istorik sa a, tankou Amazon ak Micron. Mwen vle remèsye tou ekip nan etablisman nou yo ak tout antreprenè yo ki te travay san pran souf pou n te ka gen jodi a!"

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Uit ane de sa, nou te etabli yon vizyon pou fè Syracuse yon vil k ap grandi, ki anbrase divèsite epi kreye opòtinite pou tout moun. Ouvèti Lekòl STEAM nan ansyen batiman Central Tech la se meyè egzanp pwogrè nou fè. Se te fondasyon Syracuse Surge, estrateji nou pou yon kwasans enklizif nan nouvo ekonomi an. Jis lefèt ke nou te prevwa kreye yon lekòl premye klas konsa nan Syracuse te estimile yon investisman san parèy nan kominote nou an pandan plizyè ane ki sot pase yo. Ouvèti li ap enspire plis epi amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Syracuse ak nan Nouyòk Santral pandan lontan. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak manm Delegasyon Eta nou an paske yo te sipòte rèv nou an, epi anvè Direktè Konte McMahon, Lejislati Konte a, Konsèy Minisipal Syracuse la, Distri Lekòl Vil Syracuse la, BOCES ak tout patnè nou yo ki te pèmèt Lekòl STEAM nou an vin yon reyalite."

Sirentandan Distri Lekòl Vil Syracuse la Anthony Davis, te deklare, "Ouvèti nouvo Lekòl Segondè STEAM nou an se yon moman fyète ak istorik pou Distri Lekòl Vil Syracuse la. Lekòl sa a ofri plis opòtinite a elèv nou yo pou yo eksplòre domèn syans, teknoloji, jeni, atizay ak matematik yon fason inovatè ki prepare yo pou lavni. Li se yon senbòl tou de sa ki ka akonpli lè kominote nou an reyini pou envesti nan jèn nou yo. Mwen kontan anpil pou m wè kreyativite, lidèchip ak reyalizasyon ki pral fèt atravè mi sa yo."

Vis Prezidan Egzekitif, Direktè Resous Imèn ak Prezidan Fondasyon Micron, April Arnzen, te deklare, "Nan Micron, nou fyè pou nou sipòte inisyativ ki pèmèt lespri kirye yo jwenn mwayen pou pouswiv karyè ki anrichi, epi kontribye nan kwasans endistri nou an. Lekòl STEAM lan se yon gwo egzanp sa nou akonpli. Ansanm, n ap chèche enspire pwochen jenerasyon inovatè yo epi asire n ke elèv Nouyòk Santral yo ekipe pou yo epanouyi nan mendèv ameriken semi-kondiktè yo demen."

Prezidan AFT a, Randi Weingarten, te deklare, "Ansèyman pwofesyonèl ak teknik se kote pasyon rankontre objektif—e rezilta a se plis pakou ak plis opòtinite pou elèv yo. Syracuse STEAM pral yon modèl nasyonal kote pwofesè yo ap travay avèk distri lekòl yo, pwofesè parèy yo ki nan endistri a ak gouvènman an pou reyalize Rèv Ameriken an. Li ankre nan vizyon komen nou genyen pou jwenn solisyon konkrè pou timoun ak kominote yo ki prepare timoun yo pou inivèsite, vi pwofesyonèl, patisipasyon sivik ak lavi. Lekòl sa a pa pral sèlman pèmèt elèv yo epanouyi, men l ap plante grenn yon renesans endistriyèl nan tout Eta Nouyòk. Mwen te tèlman kontan pou m te asiste seremoni inogirasyon an, epi mwen fyè pou m wè lekòl la louvri pòt li jodi a."

Prezidan NYSUT la, Melinda Pearson te deklare, "NYSUT fyè pou l sipòte Lekòl Segondè STEAM nan Syracuse la. Aprantisaj pratik sa a enspire elèv yo, pèmèt yo akeri konpetans pou djòb alavni, epi ranfòse kominote nou yo. Avèk sipò Micron ak anplwayè rejyonal yo, lekòl sa a pral louvri pòt opòtinite, prepare elèv yo pou karyè ki gen anpil demann, epi kenbe talan yo isit la nan Nouyòk."

Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te bay endistri semi-kondiktè a priyorite kòm yon pati enpòtan nan bidjè egzekitif li yo. Gouvènè a te sekirize yon investisman kapital anplis 500 milyon dola pou Konplèks Nanoteknoloji Albany NY CREATES la avèk yon investisman total eta a ki se 1 milya dola pou lanse patenaryayon patenarya 10 milya dola ki pral pote yon Sant Litografi EUV ak NA wo dènye kri nan Konplèks la. Gouvènè a te anonse patenarya ak IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron, ak lòt lidè nan endistri semikondiktè a ane pase nan kad angajman li pou talbi yon sant mondyal pou fabrikasyon semikondiktè nan Nouyòk. Depi nouvo sant sa fini, l ap apiye lòt investisman ki lye ak semikondiktè pou fè Nouyòk akeyi premye Sant Litografi Wot NA EUV piblik nan Amerik Dinò a, sipòte kwasans alontèm ekonomi teknoloji Nouyòk la, epi kreye e konsève plizyè milye travay dirèk, endirèk, ak sendika konstriksyon.

Gouvènè Hochul te sekirize 100 milyon dola pou finansman adisyonèl pou pwogram Atraksyon Sible Pasèl Nouyòk ki Pare pou yo Mete yo nan Chantye (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts New York, FAST NY). FAST NY ki te lanse an desanm 2022, te bay plis pase 175 milyon dola pou prepare plis pase 1012 ekta (2,500 acre) atravè 20 sit atravè rejyon Nò Eta a pou lanse aktivite yo, yon karakteristik kle lè biznis yo ap chèche kote pou rete. Prim pou amelyore sit yo te atire konpayi tankou Edwards Vacuum, Siemens Mobility, Chobani ak fairlife.

Tou dènyèman, Gouvènè Hochul te entwodui yon nouvo nivo benefis amelyore pou konpayi chèn apwovizyonman semi-kondiktè yo; yon nouvo pwogram pou bay kredi taks pou gwo investisman nan rechèch ak devlopman semi-kondiktè ki egal a 100

milyon dola oswa plis nan depans kalifye; yon nouvo ankourajman pou fòmasyon mendèv fabrikasyon semi-kondiktè; ak yon pwolonjman jeneral 5 ane pou pwogram Excelsior la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodiktivite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

Nouyòk genyen yon endistri semikondiktè solid ak 156 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anboche plis pase 34,000 Nouyòkè. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo envestisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum ak TTM Technologies pou elaji prezans yo nan Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)